

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Kabudayaan téh nya éta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna. Kabudayaan tangtu loba pisan, sabab ngawengku kabiasaan masarakat anu ngagem kana éta budaya. Indonesia miboga sababaraha sélér bangsa anu ragem ku kabudayaan. Patali jeung éta hal, Koentjaraningrat (1985:205), nétélakeun yén kabudayaan téh miboga tujuh unsur budaya sacara *universal*, tegesna; 1) basa, 2) sistem pangaweruh, 3) organisasi sosial, 4) sistem téhnologi, 5) sistem pakasaban, 6) sistem kapercayaan, jeung 7) sistem kasenian.

Kasenian nya éta kabinangkitan nu ngahasilkeun barang atawa perkara nu éndah-éndah (éstétis) (KUBS, 1995:469), Ku lantaran ngandung ajén éstétis bakal nimbulkeun pangaruh atawa éfék nu leleb karasana. Upama dipatalikeun jeung salah sahiji fungsina, nya éta salaku sarana hiburan, nu bisa nimbulkeun kasugemaan batin manusa. Ku kituna kasenian téh moal leupas ti masarakat, sabab kasenian mangrupa ungkapan kréativitas manusa tina éta kabudayaan.

Dina kahirupan masarakat mekar dua jenis kasenian, nya éta kasenian tradisional jeung kasenian modern. Ieu kasenian nu mikaresepna bakal béda. Seni tradisional lahir jeung mekar sacara turun-tumurun, ku kituna leuwih loba dipikaresep ku kolot ti batan ku generasi ngora. Robahna jaman teu bisa disingkahan lantaran ieu hal nu ngabalukarkeun kurangna minat jeung aprésiasi kana widang kasenian tradisional. Ku kituna, perlu ditarékahan pikeun ngadokuméntasikeun kasenian tradisional Sunda, sangkan kasenian tradisional teu kaséréd ku kasenian modern. Salah sahiji kabudayaan nu aya di tatar Sunda nya éta kasenian Penca Silat.

Nurutkeun Rachman (1984:27) gelarna Penca silat dina mangsa abad ka-4 Maséhi nalika karajaan Hindu keur meumeujeuhna jaya di tanah Malayu. Nya ti dinya ngamimitian penca silat sumebar ka wilayah nusantara. Penca silat téh asalna lain ti China, lantaran ayana fakta sajarah nya éta beladiri asal China bisa diéléhkeun ku beladiri Tartar, sedengkeun beladiri Indonesia (penca silat) bisa

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATEN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngéléhkeun beladiri Tartar. Pintonan dina ieu kasenian téh dirojong ku dua unsur seni, nya éta seni bela diri, jeung seni musik, anu gumulung jadi karya seni tradisional, tur teu leupas tina ajén-ajén kasundaan nu nyampak di sabudeureun urang sarta miboga istilah-istilah anu dipakéna saperti kasenian Penca Silat nu aya di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung.

Penca silat bagian tina budaya daérah anu kudu dimumulé jeung dipiara kaayaan ngarah tetep bisa lumangsung henteu kasilih ku pangaruh anu séjén. Penca Silat téh mangrupa warisan anu luhur ajénna titinggal para karuhun Sunda baheula, kiwari bisa dijadikeun bahan pikeun ngajembaran kabudayaan nasional. Kiwari Penca Silat jadi hiji pintonan atawa kasenian anu gunana pikeun hiburan. Baheula mah penca silat téh mangrupa seni bela diri nu tujuanna pikeun ngajaga diri sangkan teu diganggu ku musuh. Kiwari penca silat téh mangrupa seni pintonan bela diri anu tujuanna pikeun ngahibur ku gerakan-gerakan bela diri.

Kiwari kayaan seni tradisional téh geus kaséréd ku kasenian anu modérn. Hal ieu lain ngan ukur dibalukarkeun ku réana kasenian modern, tapi dibalukarkeun ogé ku heureutna pangaweruh generasi ngora kana éta kasenian. Salah sahiji tarekah pikeun ngajaga sangkan kasenian tradisional téh teu leungit, perlu diwanohkeun ka generasi ngora. Salah sahiji tarékahna nya éta diwanohkeun ngaliwatan dunya atikan anu tegesna dina lembaga pendidikan.

Pamaréntah méré kawijakan ka unggal pamaréntah daérah pikeun ngamekarkeun kurikulum muatan lokal. Kurikulum muatan lokal nya éta kurikulum anu diluyukeun jeung kayaan lingkungan, sosial, ekonomi, jeung budaya éta daérah. Ku kituna bahan kajian jeung bahan pangajaran gé kudu diluyukeun jeung pangabutuh di éta daérah. Hal ieu méré kasempetan pikeun mekarkeun poténsi-poténsi kabeungharan budaya anu aya di daérahna, kaasup kabeungharan budaya anu aya di wewengkon Balééndah. Salah sahiji aset budaya nu mekar di Kacamatan Balééndah nya éta kasenian Penca Silat. Ku kituna kasenian Penca Silat perlu dijadikeun bahan pangajaran. Dumasar kana SKKD di SMA kelas XII, ditétélakeun perkara maca bahasan ngeunaan kasenian. Siswa diperedih sangkan mampu nyangking jenis-jenis kasenian. Sangkan leuwih

**Dini Anggriani, 2013**

*ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyangking siswa diperedih mikawanoh istilah-istilah éta kasenian. Nepi ka éta siswa mikawanoh salah sahiji kabeungharan budaya nasional.

Panalungtikan istilah anu nyampak dina kasenian penca silat mangrupa bagian tina usaha ngamumulé ajén-inajén budaya bangsa sagemlengna. Lian ti éta panalungtikan nu dilakukeun di Kalurahan Balééndah ieu dipiharep boga mangpaat pikeun pangdeudeul dina ngamekarkeun kabudayaan éta sorangan, utamana dina dunya atikan. Harepan ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar bahasan ngeunaan kasenian di SMA kelas XII. Mangsa kiwari, hususna generasi ngora masih kénéh kurang wanoh kana kabudayaanana.

Nu nalungtik perkara istilah anu patali jeung kasenian kaitung loba anu geus dilaksanakeun, saperti anu kaugel dina judul-judul skripsi ieu di handap:

- 1) *Istilah-Istilah dina Kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupaten Sumedang*, ku Evi Lisnawati taun 2011;
- 2) *Invéntarisasi Istilah-Isrtilah anu Nyampak dina Penca Silat Palérédan di Désa Sukatani Kacamatan Subang*, ku Rizal Nazarudin taun 2007;
- 3) *Istilah Kasenian Kuda Renggong Di Kabupatén Sumedang Pikeun Bahan Pangajaran Kandaga Kecap*, ku Maesyaroh taun 2004;
- 4) *Istilah-Istilah Organisasi Pamarentahan Masarakat Baduy di Desa Kanekes Kacamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak Pikeun Bahan Kanadaga Kecap*, ku Lilis Wulansari taun 2003.

Kalayan nilik kana éta tinimbangan, ieu panalungtikan dibéré judul *Istilah-Istilah dina Kasenian Pencak Silat Panglipur di Kalurahan Balééndah Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung Pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII*, tangtu baé aya bébédana jeung kaistiméwaan antara judul nu baris ditalungtik jeung judul anu geus aya, di antarana: sumber data, istilah Kasenian Penca Silat Panglipur leuwih museur kana istilahna sarta ayana unsur budaya dijerona.

**Dini Anggriani, 2013**

**ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun saméméhna, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur sarta teu lega teuing ambahanna, perlu diwatesanan. Masalah anu baris ditalungtik téh nya éta ngeunaan istilah kasenian Penca Silat nu aya di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung anu ngawengku.

- 1) Kaayaan kasenian Penca Silat Panglipur;
- 2) Istilah anu aya dina kasenian Penca Silat Panglipur;
- 3) Luyu henteuna istilah-istilah kasenian Penca Silat Panglipur nu aya dina artikel pikeun bahan pangajaran maca bahasan kasenian.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan téh bisa dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kaayaan kasenian Pencak Silat Panglipur di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung?
- 2) Istilah-istilah naon waé anu aya dina kasenian Pencak Silat Panglipur di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung?
- 3) Luyu henteuna istilah-istilah kasenian Penca Silat Panglipur nu aya dina artikel pikeun bahan pangajaran maca bahasan ngeunaan kasenian

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dina hakékatna unggal panalungtikan miboga tujuan. Tujuan nya éta hal anu hayang kahontal dina panalungtikan.

Saluyu jeung watesan sarta rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dini Anggriani, 2013

*ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh istilah kasenian Penca Silat nu aya di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung pikeun bahan pangajaran maca bahasan ngeunaan kasenian di SMA.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Kumaha kaayaan kasenian Penca Silat Panglipur di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung;
- 2) Istilah anu aya dina kasenian Penca Silat Panglipur di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung;
- 3) Luyu henteuna bahan pangajaran ngeunaan istilah dina kasenian Penca Silat Panglipur di Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung.

### 1.4 Manfaat Panalungtikan

Saluyu jeung watesan sarta rumusan masalah nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Pikeun ngajembaran kaweruh ngeunaan istilah-istilah anu nyampak dina kasenian Penca Silat. Salian ti éta ogé bisa ngawanohkeun kasenian ka masarakat umum. Ogé pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca ngeunaan istilah-istilah kasenian Penca Silat.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nya éta :

- 1) Pikeun guru ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun *référénsi* bahan pangajaran.
- 2) Pikeun siswa ieu panalungtikan dipiharep bisa ngawanohkeun kana budaya sorangan, ulah nepi ka teu wanoh kana budayana sorangan.

Dini Anggriani, 2013

ISTILAH-ISTILAH DINA KASENIAN PENCA SILAT PANGLIPUR DI KALURAHAN BALÉÉNDAH KACAMATAN BALÉÉNDAH KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN SALAH SAHIJI ALTERNATIF BAHAN AJAR MACA BAHASAN KASENIAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Pikeun sakola ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi media pikeun ngawanohkeun kabeungharan budaya daérah diwewengkonna.
- 4) Pikeun masarakat ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan kasadaran sangkan leuwih loba ngalibetkeun kasenian buhun hususna Penca Silat dina acara-acara.
- 5) Pikeun nu nalungtik ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajawab sagala rupa kapanasaran ngeunaan istila-istilah anu nyampak dina kasenian Penca Silat.

### **1.5 Struktur Organisasi Skripsi**

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab 1 mangrupa bubuka, eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu bakal ditalungtik, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur organisasi dina ieu skripsi.

Bab II mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun téori-téori ngeunaan istilah, penca silat, jeung bahan pangajaran.

Bab III mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh boh métode panalungtikan boh prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, désain panalungtikan, wangenan operasional, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta prosedur dina ieu panalungtikan.

Bab IV mangrupa bagian skripsi anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, ngaanalisis data hasil panalungtikan, jeung medar ngeunaan luyu henteuna istilah-istilah anu nyampak dina Penca Silat pikeun alternatif bahan ajar maca di SMA.

Bab V mangrupa bagian skripsi anu ngadéskripsikeun kacindekan jeung saran panalungtikan, anu ngawengku kacindekan jeung saran.